




Better  
Bus  
Project



# Reyinyon vityèl pou piblik la

## N ap fè chanjman an fonksyon kòmantè ou yo.

Revizyon rezo otobis MBTA a (MBTA's Bus Network Redesign) se yon okazyon inik pou fè pwogrè odasye nan rezo otobis MBTA a pou moun ki depann de li pi plis.

Depi nou te pibliye bwouyon kat la nan mwa me 2022, nou resevwa plis pase 20 000 kòmantè. Nou revwa kòmantè sa yo e n ap evalye chanjman potansyèl nan bwouyon rezon a an fonksyon kòmantè sa yo.

Vin jwenn nou tanpri nan yon reyinyon vityèl pou piblik la kote n ap fè prezantasyon yon rezo ki revize e n ap bay repons pou kesyon ou gen sou li.



Massachusetts Bay  
Transportation Authority

### KI LÈ :

Mèkredi 2 novanm  
06:00 – 7:30 p.m.

### KI KOTE :

Reyinyon vityèl pou piblik la  
(nan Zoom)

### KIJAN W KA PATISIPE :

Klike sou lyen elektwonik sa a pou w enskri nan reyinyon an:

**REYINYON NAN ZOUM**

### GADE NAN :

**MBTA.com/BNRD**

pou plis enfòmasyon e pou w wè materyèl siplemantè ki disponib nan plizyè lang.



### ARANJMAN:

Reyinyon piblik yo aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. Pral genyen aranjman pou aksè ak pou sèvis nan lang gratis pou moun ki mande, lè sa posib. Nan pamì sèvis sa yo, ap genyen dokiman nan fòma altènativ, dokiman ki tradwi, soutit, ak entèprtèt. Pou plis enfòmasyon, oswa pou mande fè aranjman rezonnab pou ou, ak / oswa pou jwenn sèvis tradiksyon, voye yon mesaj elektwonnik nan adres [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com) oswa rele nimewo (617) 651-1363. **Voye demann ou omwen dis jou ouvrab anvan dat reyinyon an.**